بسم الله الرحمن الرحيم

# Бусалба ялсамане вохуьйтуш долу кхузткъа бахьана

**Жайна яздинарг:**
Махьмуд бин Аль-Джами́л Абу IабдуллáхI

**Жайна гочдинарг:**
IабдуллáхIан воI ИбрахIим

**1431 – 2010**

## Дешхьалхе

Хастам бу АллахIана. Къинхетам, маршо АллахIан элчанна хуьлда, цуьнан гергарчарна, цуьнан накъосташна, цуьнан новкъа баханчарна.

Цул тIаьхьа:

Шеко яц муьманаша беш болу некъ хIокху дуьненахь А́дама (IалайхIис-салам) заманара къемат де хIотталц шайн даймахка буха боьрзуш беш некъ хилар. Иза цигара уьш лелхийна а, арабаьхна а церан мохк хиларна, церан ден (IалайхIис-салам) бехк-бахьана долуш. Цара хIокху дуьненахь хало, ба́ла, кIадбалар ла́ро а, уьш гаро а чIогIа хьашт бина уьш цигара дIа а бевлла паргIато а, ирс а долчу махка бахаре, и хьегнарг дерриге царна диццдийр долуш болу, кхечу дакъазаллин а, ба́ла хьегаран а, кIадваларан а махка ца кхочуш.

Цул совнаха, АллахIа (Ницкъ болуш а, Сийлахь а ву И) вай ялсамана духа дахаран а, вай цига чудахарна а билламаш бехкина. И билламаш кхочуш бинарг АллахIа (Ницкъ болуш а, Сийлахь а ву И) Шен ялсамана а вохуьйтур ву,

Шен Іазапах хьалха а воккхур ву, ирс долуш а, декъала а хир ву и.

АллахІа (Сийлахь-Лекха ву И) аьлла:

**«Ткъа жоьжахатенах гена а ваьккхина ялсамана вахийтинарг декъала хилла».** Сурат «Алу-Іимра́н», 185 айат.

Цу тІе а доьгІна, хІара доца жима жайна ду, цо чулаьцна Къура́нан а́йа́тех а, пайхамаран (АллахІера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) нийсачу хьадийсех а цхьа да́къа. Хьан дуьхьа гулдина ас иза «Риядус-са́лихьи́н» цІе йолчу Нававийн жайни тІера.

И а́йа́таш а, хьадийсаш а, я Іамал билгал яр чулоцуш ду, билгал долуш делил деана йолу – и йинарг ялсамана гІуриг, я жоьжахатенах хьалха вериг хиларан хьокъехь. Я Іамал юьйцу цара – и йинчунна ваІда йина йолу, къиношна гечдийр долуш, юьхьІаьржа хІоттор вац, къинхетам бийр бу, кхин и санна дерг хир ду аьлла, шех кхаъ беш йолу АллахІан (Лекха ву И) лаамца ялсамана вахарна.

Иза кІеззиг Іамалш юьйцуш жайна ду, сан лаам хилла бац уьш ерриге чулаца а, могІаралла лардан а, – оьшу барам а, атта дар а бен.
АллахІе ас доьху, иза пайде дар а, иза дан мадеззара къобал дар а. Иза дика эла а, дика гІоьнча а ву. Тхан тІаьххьара доІа Іаламийн да волчу АллахІана хастам бар ду. АллахІа вазварха хоьттина къинхетам а, маршо а, беркат а вай пайхамар волчу Мухьаммадана а, цуьнан гергарчарна а, цуьнан берриге накъосташна а хуьлда.

Махьмуд бин Аль-Джамúл
Абу ІабдуллáхІ.
Яздина 2001г – 1422 хІ.

## 1- Дог цIена АллахIана Iамал яр

АллахIа (Сийлахь-Лекха ву И) аьлла: **«Цаьрга омра дина дац, дог цIена Цунна дин лелош, АллахIана лолла** (Iибадат) **цара дан дезар бен а, харцонах дIахаьдда, дуьззина цара ламаз дан дезар бен а, цара закат дала дезар бен а. Иза нийса дин ду».** Сурат «Аль-БаййинахI» 5 айат.

ХаттIабан кIанта Iумара (АллахI реза хуьлда цунна) аьлла: Суна АллахIан элчано (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) олуш хезна: **«Массо а Iамалш ниййаташца хила еза. ХIоранна а ша ниййат диннарг хир ду. Цундела шен хIиджрат** (кхелхина вахар) **АллахIана а, Цуьнан элчанна а тIе хилларг** (Цуьнан шариIатана тIе) **цуьнан хIиджрат АллахIана а, Цуьнан элчанна а тIе хир ду. Шен хIиджрат шена хиндолчу дуьненан дуьхьа я ялон йолчу зудчуьнан дуьхьа хилларг – цуьнан хIиджрат иза тIевахханчунна тIе ду».** Бухарий, Муслим.

Абу ХIурайрата (АллахI реза хуьлда цунна) аьлла, АллахIан элчано (АллахIера къинхетам а,

маршо а хуьлда цунна) элира аьлла: **«Бакъ долуш, АллахI шун догIмашка а, шун суьрташка а хьожуш вац шуна, амма шун дегнашка а, шун Iамалшка а хьожуш ву шуна».** Муслим.
Цундела, дог цIена хилар (рияах - гайтамана Iамал ярха) биллам бу бух болуш, дика йолу Iамалш къобал яран. Цундела иза массо хIуманал хьалха даккха а, хила дезаш а дерг ду.

## 2- Бакъ долу тоба дар, цуьнан билламаш кхочуш беш

Вайна ма-хаъара, къинош ялсаманара араваларан бахьана хиларе терра, уьш иштта, юха цу чу вахаран дуьхьалонаш а, новкъарлонаш а ю. Цундела Делан лай хьашт ву царах а, церан ларашха а цIанваларе, нийса, бакъ долчу тобанца, вуха ялсамана ваха хьакъ а, охIлу а хиларан дуьхьа.
Iеламнаха аьлла: «Массо къинах дохко ваьлла, тоба дар ва́джиб (декхар) ду». ТIаккха, доьжна долу Iеса хIума лайна а, АллахIана а (Лекха ву

И) юкъара делахь, адаман хьокъах хотталуш доцуш, оцу къинна кхоъ биллам бу:

**Хьалхараниг:** шегара Iеса (къа) хIума дитар а, цунах дIахадар а;

**ШолгIаниг:** и дарна дохко валар;

**КхоалгIниг:** чIогIа ниййат а, ойла а хилар, цкъа́ а шегара и цадалийта.

Нагахь санна, хIокху кхааннах цхьаъ биллам тIеоьшуш хилахь, цуьнан тоба нийса а, мегаш хир дац.

ТIкъа доьжна Iеса хIума адамах хотталуш делахь, тIаккха цуьнан билламаш биъ бу:

ХIорш кхоъ бу, цул совнаха, ша бохам бина стаг реза вар ду. Цу тIе а доьгIна, юкъахь лелларг даьхни делахь, я и санна кхин хIума хиллехь, иза цунна дIалур ду. Вон цIетиллар а, и саннарг а делахь цунна догIу таIзар дан цуьнан аьтту бийр бу, я къинтIера воккхур ву шена. Нагахь санна иза гIийбат (дIахезча новкъа догIун долу хIума) делахь цуьнга шена къинтIера вала эр ду. Стага тоба дан цадезаш цхьа а къа дац. Цхьадолчу

къинойха тоба дича, цуьнан тоба мегаш а, нийса а ду оцу къинойн хьокъехь. Дисинчу къинойха тоба дан дезар ду цуьнан. Тоба дан дезар хоуьйтуш вовшин маьIна чIагIдеш даьхкина хIара баххаш а, билгалонаш а ю Къура́на а, сунната а, уммата барта а тIера:

АллахIа (Лекха ву И) аьлла: **«Аш тоба а де, массара а, АллахIе, хIай муъманаш, декъала хир ду шу».** Сурат «Ан-Нур», 31 айат.

Абу ХIурайрата (АллахI реза хуьлда цунна) аьлла, АллахIан элчано (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) элира аьлла: «**Малх бузехьара малх схьакхетале тоба динчуьнан тоба АллахIа къобал дийр ду».** Муслим.

Абу СаIийд Аль-Худрийс (АллахI реза хуьлда цунна) аьлла, АллахIан пайхамара (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) элира аьлла: **«Шул хьалха хиллачу нахана** (умматана) **юкъахь цхьа стаг хилла, везткъе ткъаесна** (99) **стаг вийна. Цкъа цо хаьттина: «Кхузахь сов хууш верг мила ву», – аьлла? Цунна тIаккха цхьа ра́хIиб** (монах) **вийцина. Цунна тIевахана**

аьлла цо: «Ша везткъе ткъаесна стаг вийна, тоба дан йиш юй шен?» Вукхо: «Яц», – аьлла, жоп делла. ТӀаккха иза а вийна бӀе (100) вузийтина цо. Юха шолгӀа а хаьттина цо: «Дика хуушверг мила ву», – аьлла. ТӀаккха цунна цхьа Ӏелам стаг вийцина. Цуьнга аьлла цо, ша бӀе стаг вийна, тоба дан йиш юй шен? Цо жоп делла: «Ю-дера, хьоьга тоба цадайта мила хир вара? Иштта-иштта цӀейолчу меттиге гӀо, цигахь цхьа нах бу хьуна АллахӀана Ӏибадат деш, цаьрца цхьана Ӏибадат де ахь а. ХӀокху метте кхин схьа а ма вола, хӀара вон меттиг ю, хьоьгара вонаш дийлина». ТӀаккха иза цига ваха аравелира, амма некъа юккъе кхаьчначу хенахь вала вуьйжира иза. Цуьнан са эца къовсаделира къинхетаман малийкаш а, Ӏазапан малийкаш а. Къинхетаман малийкаша элира: «Тоба дина, дохко ваьлла вогӀуш вара хӀара, шен дагца АллахӀана (Сийлахь-Лекха ву И) тӀевирзина, муьтӀахь хилла; Ӏазапан малийкаша элира: «Цкъа́ диканиг ца дина

**цо». Адаман суьртахь малик деана царна тIе, тIаккха цара иза шайна юкъахь кхел ян хIоттийра. Цо элира: «Шина латтан** (меттиган) **юкъ юста, цаьршиннах юххе хиллачунна вуьтур вай иза». ТIаккха цара юьстича, иза тIевоьдуш хиллачу меттигана алсам юххехь карийра царна и, къинхетаман малийкаша са ийцира цуьнан».** Бухарий, Муслим.

Хуза́Iий тайпана волчу Iимра́на, Хьусайнан кIанта (АллахI реза хуьлда цунна) аьлла: «ЖухIайнан тайпана цхьа зуда еанера АллахIан элча (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) волче, зинаха доьзалхочух а йолуш. Цо элира: «ХIай АллахIан элча, таIзар догIу хIума доьжна соьгара, иза кхочуш дехьа суна тIехь». ТIаккха АллахIан пайхамара (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) цуьнан велий (верас) схьакхайкхина элира: **«Дика дола а деш хьажа цуьнга, тIаккха цо доьзалхо вича суна тIевола».** Цо и дира. АллахIан пайхамара (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) омра дина иза кечйира, цуьнан бедарш цунна

тӀехь дика дӀакъевлира, цул тӀаьхьа цуьнан омранца цунна тӀулгаш туьйхира. Цул тӀаьхьа цо цунна тӀехь докъа ламаз дира. ТӀаккха Ӏумара элира цуьнга: «ХӀай АллахӀан элча, цо зина диншехьа цунна тӀехь докъа ламаз до аьх?». Цо элира: **«ЧӀогӀа тоба динера цо, Мадийнатан къузткъай итт вахархочунна юкъахь декъчи а царна тоьар долуш. Хьуна гӀолийниг хаьий АллахӀана дуьхьа цо шен са цакхоош дӀадаларал?».** Муслим.

## 3- АллахӀана муьтӀахь хиларна тӀехь а, Цуьнан кхелашна тӀехь а собар дар

ХӀара дуьне, адам зуьш а, толлуш а цӀа хиларна цу чохь уггара боккха а, сийлахь а кхача бу Далла муьтӀахь хиларех дӀацахедаш а, Ӏеса хӀума шегара цадолуьйтуш а собарех воьттина хилар а, иштта Сийлахь-Лекхачу АллахӀа кхел йина тӀебогӀучу баланашна а, сингаттамашна а, дегнашна цадезачу хӀуманашна а тӀехь собаре хилар а.

Оцу хIуманаш тIехь сатохаран, собарех цавохаран АллахIа кIеззиг мах хадош бац, вайна мел бу а цахууш бокхха мел а, йоккха ял а, деза совгIат а луш ду Цо. Сийлахь-Лекхачу АллахIа бохучуьнга ладугIур ду вай хIинца: **«Юьззина а, кхоччуш а ял собаре хилчарна лур йолуш ю, хьесап ца деш».** Сурат «Аз-зумар», 10 айат.

АллахIа (Сийлахь-Лекха ву И) кхин а аьлла: **«И хаза тIаьхье а, сийлахь болх а хир болуш бац собар динчарна бен».** Сурат «Фуссилат», 35 айат.

Абу ХIурайрата (АллахI реза хуьлда цунна) аьлла, Элчано (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) элира аьлла: **«АллахIа (Сийлахь-Лекха ву И) боху: «Сан муъман лайна** (совгIат) **дац Суна гергахь, дуьненан охIлунах Ас цунна дукха везаш а, цо хаьржина а цуьнан доьзалхо дIакхалхийча, тIаккха цо Делера ял езаш собар а дича, ялсамане бен».** Бухарий.

Анаса (АллахI реза хуьлда цунна) аьлла: Суна АллахIан элчано (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) олуш хезна: **«Баккъалла а, АллахаIа (Тоьлла а, Сийлахь а ву И) аьлла:**

**«Ас Сайн лай цуьнан шина бIаьргаца зийча** (бIарса дIа а эцна)**, тIаккха цо собар дича, царшинна метта ялсамане лур ю Ас цунна».** Бухарий.

Абу СаIийда а, Абу ХIурайрата а (АллахI реза хуьлда царшинна) аьлла, Пайхамара (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) элира аьлла: **«Бусалбанна кIадвалар, цамгар, сингаттам, гIайгIа, цатам, халахетар хир дац, ур-атталла, цунна Iотталуш долу кIохцал а, АллахIа и бахьна долуш цуьнан цхьадолу къинош дIадохуш бен».** Бухарий, Муслим.

## 4- Дешнашкахь, дечу хIуманашкахь, догтеша дезачу хIуманашкахь бакъ хилар

Бакъ хилар – даггара а, догцIена хиларан а билгалонех ду. АллахIацá а, Цуьнан халкъацá а, шен сицá а лело уггар хазачу гIиллакхех ду иза. АллахIа (ТаIáлá) аьлла: **«ХIай ийман диллинарш, АллахIах а кхера, бакъболчаьрций а хила».** Сурат «Ат-ТавбахI», 119 айат.

МасIу̀дан кIанта (АллахI реза хуьлда цунна) аьлла, Пайхамара (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) элира аьлла: **«Бакъхиларо, бакълеро, шеко йоцуш, дикачунна тIебоьдучу новкъа воккху. ТIаккха, дикано ялсамана боьдучу новкъа воккху. Баккъалла а, цхьа стаг бакълуьйш хуьлу, тIаккха, иза АллахIана гергахь ″сиддии́къ″** (да́им бакълуьйш верг) **ву оле дIаязво. Шеко йоцуш, аьшпаша Iесачу хIуманна тIебоьдучу новкъа воккху. Ткъа Iесачу хIуманаша жоьжахата боьдучу новкъа воккху. Баккъалла а, цхьа стаг пуьчаш буттуш хьулу, тIаккха иза АллахIана гергахь ″казза́б″** (да́им пуьчаш буттуш верг) **оле дIаязво».** Бухарий, Муслим.

Хьунайфан кIанта СахIл аьлла, Пайхамара (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) элира аьлла: **«АллахIе (ТаIа́ла́) баккъалла а, даггара шахIид волуш валар дехнарг, АллахIа иза шахIийдийн даржашка кхачор ву, иза шен меттахь лахь а».** Муслим.

## 5- Къайлах а, гуш а АллахI ларвар

Шен Далла ша гуш хиларан а, Цунна шен къамел хезаш хиларан а, Цунна шен хьал хууш хиларан а лено ойланца васт (сурт) хIотторо – Делах кхераран а, ша нисваларан а доккхачу хьолехь во (хьоле воккху) иза.

АллахIа (ТаIа́ла́) аьлла: **«Хьо а гуш верг ву Иза, хьо** (ламазе) **хIуттучу хенахь, ламаз деш болчарна юкъахь хьан меттаххьер а»** (ламазан арканашкахь – коьртачу меженашкахь, ирахь а, охьахиъна а, руку́I деш а, суджу́д деш а). Сурат «Аш-ШуIара́ъ», 18-19 айат.

Абу Заррас а, Джабалан кIанта МуIа́зас а аьлла (АллахI реза хуьлда царшинна), АллахIан элчано (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) элира аьлла: **«Хьо миччахьа велахь а, АллахIах кхералахь, ахь** (динчу) **вочунна тIаьххье диканиг делахь, цо иза дIадойур ду хьуна, адамашца хаза гIиллакх леладелахь».** Тирмизий.

Iабба́сан кIанта (АллахI реза хуьлда царшинна) аьлла: Цхьана дийнахь пайхамарна (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) тIехьа вара

со, тIаккха цо соьга элира: **«ХIай кIант, со хьуна цхьа дешнаш Iамо воллу: АллахI ларвелахь, Цо хьо а ларвийр ву хьуна. АллахI ларвелахь, Иза хьуна хьалхха карор ву хьуна. Ахь доьхучу хенахь Цуьнга дехалахь. Хьуна гIо эшча Цуьнгара гIо лахалахь. Хьуна хоийла: дерриге умматан хьуна цхьана хIуманца пайда бан барт хилахь, цара хьуна пайда бийр бац хьуна, АллахIа хьуна хила яздинчу хIуманца бен. Цхьана хIуманца хьуна бохам бан церан барт хилахь, цара хьуна бохам бийр бац хьуна, АллахIа хьуна хила яздинчу хIуманца бен. Къоламаш совцийна ду хьуна, тептарш дакъаделла хьуна».** Тирмизий.

## 6- АллахIах кхерар – дерригенна ницкъ кхочуш а, Сийлахь-Воккха а ву Иза

ТакъваллахI (АллахIах кхерар) – иза Цунах кхерар ду, Иза Сийлахь-Воккха вуй хууш. Иштта Цунах кхийрича - Делан лай Цунна муьтIахь хиларна тIера во, Цунна Iеса хиларха ларвеш

дӀахӀоттаво, шен къиношха тоба дан дезий хууш кечво.

АллахӀа (ТаӀа́ла́) аьлла: **«ХӀай, ийман диллинарш, АллахӀах кхера Цунах кхера ма-деззара».** Сурат «Алу Ӏимра́н», 102 айат.

Абу Умамата (АллахӀ реза хуьлда цунна) аьлла: «АллахӀан элчано (АллахӀера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) хьехам беш хезира суна, дӀасакъастаран хьадж дечу хенахь. ТӀаккха цо элира: **«АллахӀах кхералаш, шайн пхи ламаз делаш, шайн** (Рамада́н) **бутт кха́балаш, шайн дохнан** (тӀера) **закат лолаш, шайн ами́рашна муьтӀахь хилалаш, шайн Делан ялсамана чу гӀур ду шу».** Тирмизий.

## 7, 8- АллахӀана тӀе болх биллар а, Цунах тешар а

Лена шен Дела вовза ма-веззара вевзича, иза Цунна реза хьулу, Цо йина ваӀда бакъйо цо, Цунах теша иза, Цунна тӀе бен болх ца буьллу цо.

АллахIа (ТаIáлá) аьлла: **«Цкъá а лийр воцуш волчу, дáим дийна волчунна тIебилла ахь** (Мухьаммад) **болх».** Сурат «Аль-Фуркъáн», 58 айат.

АллахIа (ТаIáлá) кхин а аьлла: **«АллахIана тIе болх биллинчунна Иза кхачаме ву».** Сурат «Ат-ТIалáкъ», 3 айат.

Iаббáсан кIанта (АллахI реза хуьлда царшинна) аьлла, АллахIан элчано (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) элира аьлла: **«Суна умматаш а,** (церан пайхамараш а), **гайтира. ТIаккха** (цхьа) **пайхамар гира суна, шеца цхьаъ-шиъ стаг волуш. Шеца цхьá воцуш пайхамар а гира суна. ТIаккха цIеххьана дукха боккха** (адамийн) **бода гайтира суна. Уьш сан уммат ду-кх хьуна аьлла хетаделира суна. Эцца, соьга элира: «ХIара Муса а, цуьнан къам а ду. Амма хьо ане** (горизонт) **хьажа». Ткъа со хьаьжча, цигахь Iаьржа боккха** (адамийн) **бода бара. ТIаккха соьга элира: «Вукха агIор йолчу ане хьажа». Ткъа** (цигахь) **а** (адамийн) **боккха бода бара. Эцца, соьга элира: «ХIара хьан уммат ду хьуна.**

**Царна юкъахь кхузткъе итт эзар ву хьуна** (70 000) **хьесап а, Іазап а доцуш ялсамана чугІур волуш».**
Цул тІаьхьа каде хьала а гІаьттина шен цІа чу вахара и. ТІаккха нах буьйлабелира хьесап а, Іазап а доцуш ялсаманчу гІур болчийн хьокъехь къамелаш дан. Царех цхьамма элира: «Уьш АллахІан элчанан (АллахІера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) доттагІий а, юххе хІиттина лелларш а хила мега». Кхечо элира: «Ислам динчохь (и тІелаьцначул тІаьхьа) бинарш хила тарло уьш», - тІаккха, - АллахІаца цхьа хІума накъост ца винарш». Кхин а хІуманаш хьехош, къамелаш дира цара. ТІаккха царна тІевеара АллахІан элча (АллахІера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна), цо элира: **«Стена хьокъехь къамелаш деш ду шу?»** Цара дийцира цунна шайна хетарг. ТІаккха цо элира: **«Уьш** (цамгарх хьалхабовлийта) **луьйца йоллар** (заклинание) **кхечуьнга ца доьхуш берш бу** (собаре хилар хаьржина)**. Дарбанна цІарца вагор-човхор** (прижигание) **ца лоьхуш берш бу**

**уьш.** (Иза цIарца Iазап далар хиларна, цаваьлла бен деш доцу)**. Олхазар тIема даьлла цхьана агIор дерзарца тидамаш, хьукманаш цадеш берш бу уьш. Шайн Далла тIе болх буьллуш берш бу уьш».** ТIаккха Михьсанан кIанта Iукка́шата, хьалагIаьттина, аьлла: «АллахIе доIа дехьа, со царах ве алий».
Пайхамара (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) аьлла: **«Хьо царах ву хьуна».** Цул тIаьхьа хьалагIаьттина кхечу стага аьлла: «АллахIе доIа дехьа, со царах ве алий». ТIаккха пайхамара (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) аьлла: **«Iукка́шат хьалхавели хьолла цу т1ехь».** Бухарий, Муслим.

## 9- АллахIан омранна тIехь нисвалар

Нисвалар – ийманехь бакъ хиларан, Дела везаран, Цунна реза хиларан, Цунах кхераран билгало ю.
АллахIа (ТаIа́ла́) аьлла: **«Баккъалла а, АллахI тхан Дела ву а аьлла, цул тIаьхьа нисбелларш, царна тIе малийкаш дуьссур ду**

(уьш лечу хенахь) **кхера ма кхералаш – аьлла** (тӀейогӀучу ханна), **гӀайгӀане ма хилалаш** (дӀаяханчу ханна)**. Даккхийде, шуна хир ю аьлла, дош деллачу ялсаманенаха. Тхо шун накъостий а, гӀоьнчий а ду шуна дуьненахь а, эхартахь а. Шуна цигахь шун синошна дезарг кечдина ду. Шуна цигахь аш лоьхург а, доьхург а хир ду».** Сурат «Фуссилат», 30-31 айат.

Іабдулла́хІан кІанта Суфяна (АллахІ реза хуьлда цунна) аьлла: «Ас элира: «ХІай АллахІан элча, Исламехь цхьа дош а́лахь соьга, хьоьга бен кхечуьнга цунах лаьцна хатта хьашт хирвоцуш долу?» ТІаккха пайхамара (АллахІера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) цьунга аьлла: **«Ахь ала: со** (дагца, маттаца) **теша АллахІах, цул тІаьхьа нисло́** (АллахІан дин тІехь)**».** Муслим.

Абу ХІурайрата (АллахІ реза хуьлда цунна) аьлла, АллахІан элчано (АллахІера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) элира аьлла: «(Шайга омра динчу хІуманехь) **гІехьалла ларде** (иза ницкъ кхочучу барамехь лела а дай)**. Шайн ма-хуьллу Іамалаш нийса ян хьажа. Шух цхьа́ а**

**шá йинчу Iамалца хьалхавер воций хаалаш».** Цара аьлла: «АллахIан элча, хьо а вер вац ахь йинчу Iамалца хьалха»? Цо аьлла: **«Со а вер вац, АллахIа сох Шен къинхетам а, комаьршо а ца хьарчаяхь».** Муслим.

## 10- Диканаш дан сихвалар

Шен Делан ваIда бакъйеш верг, и яккха сихлур ву, цунна тIе кхечарал хьалха кхáча хьожур ву.

АллахIа (ТаIáлá) аьалла: **«Шайн Делера гечдаре а, ялсаманега а сихло, стигланаш а, латта а санна йоккха, паргIат йолу.** (АллахIах) **кхоьручарна кечйина ю и».** Сурат «Алу-Iимрáн», 133 айат.

Джáбира (АллахI реза хуьлда цунна) аьлла: «Ухьуд гIазот долчу дийнахь Пайхамаре (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) цхьана стага хьаттина: «Дийцахь суна со вехь, со мичахь хир ву»? Цо аьлла: **«Ялсаманехь хир ву».** ТIаккха цо шен карахь йолу масех хурма охьатесна. Цул тIаьхьа (оцу гIазотехь) ша веллац тIом бина цо». Бухарий, Муслим.

Абу ХIурайрата (АллахI реза хуьлда цунна) аьлла: «Пайхамар (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) волче цхьа стаг веана цо аьллера: «ХIай АллахIан элча, муьлхачу хенахь делла сагIа ду ял уггар йоккха ерг?» Цо аьлла: **«Хьо могуш а,** (даьхненна) **бIаьрмециг а,** (дукха́ ваьхна) **къелла тIеярна кхоьруш а волуш делларг ду.** (Иштта) **хьал долуш хиларе сатуьйсуш а волуш делларг ду.** (СагIа) **тIаьхьа ма тетта екъа къамкъарге са кхаччалц. ТIаккха ба́ха волалур ву хьо: Хьенехана хIоккхал ло, минехана хIоккхал ло.** (Ахь ца делча а) **хьенехан дуьсуш ма-ду и** (хIинца)**».** Бухарий, Муслим.

## 11- АллахIана муьтIахь хиларан новкъа ша-шеца къийсам латтор

Адаман сина а́мал а, гIиллакх а ду мало, сапаргIат хилар дезаш а, болх а, кIадвалар а ца дезаш. Цундела лай даима бохург санна хьашт ву шен сица чIогIа къийсам латторе а, и са АллахIана муьтIахь хиларна лерина тIеда́лоре а.

АллахI реза волу сийлахьалла лоьхуш верг, цуьнан наб дукха хила йиш яц.

АллахIа (ТаIáлá) аьлла: **«Амма тхан хьокъехь шайн са ца кхоош джихIад динарш** (дин тóлó, даржó массо агIор къахьегнарш)**, тхуна тIебогIучу новкъа уьш билггала нисбийр бу Оха. Баккъалла а, АллахI диканиг деш болчу муъманашца ма ву** (царна толам луш, царна гIо деш)**».** Сурат «Аль-Iанкабýт», 69 айат.

Iáишата (АллахI реза хуьлда цунна) аьлла: «Баккъалла а, пайхамар (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) буьйсанаха цхьана декъехь ламазна хIуттуш вара, шен ши ког бестталц. ТIаккха ас цуьнга элира: **«ХIай, АллахIан элча, хIара хIума хIунда до ахь, АллахIа хьуна массо а къинна гечдина хилча?»** Цо элира: **«Шукр деш лай хила лаа ца мега суна?».** Бухарий, Муслим.

Абу ХIурайрата (АллахI реза хуьлда цунна) аьлла, АллахIан элчано (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) элира аьлла: **«Жоьжахатенна гонаха дехкина дегIан чIогIа**

**дан лаам болу хIуманаш ду.** (Уьш цо дахь и цу чу гIур волуш)**. Ялсаманенна гонаха дехкина дегIо дан мало еш, цунна дан ца лууш долу хIуманаш ду.** (Уьш цо дича, шена хала делахь а, и цу чу гIур волуш)**».** Бухарий, Муслим.

Аль-Асламий тайпана волчу РабийIата, КаIбан кIанта, АллахIан элчанан (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) ялхо а, Суффат охIланаха а волчу (АллахI реза хуьлда цунна) аьлла: «АллахIан элчанца (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) буьйса йоккхуш хьулура со. ТIаккха, ас цунна ламаз эца хи а лора, кхин долу цуьнан хьашт а кхочуш дора. ТIаккха, цо соьга (цхьана дийнахь) элира: **«Соьга дехахь»** (хьайна дага догIург, цо дечу гIуллакхана баркалла ала лаам болуш). ТIаккха ас элира: «Ялсаманехь хьан накъост хилар (хIинца дуьненахь санна) доьху ас хьоьга». Цо элира тIаккха: **«Деккъа и доьху ахь я и доцург кхин а доьху ахь?»** Ас элира: И бен ца доьху. Пайхамара (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) элира: **«Делахь хьайн са эшорна**

**тIехь суна гIо де суджу́даш дукха дарца».** Муслим.

## 12- АллахI хьехон а, ламаз дан а маьждигашка дукха эхар

Маьждигаш - АллахIан (Сийлахь-Воккха ву И) цIенош ду. Уьш Иза хьехон а, Цунна Iибадат (лолла) ден а меттигаш ю. Цига оьхурш Цуьнан хьошаллин а, Цунна безаран а, Цуьнан комаьршаллин а, Цуьнан дика шайна хиларан а охIлу бу.

АллахIа (ТаIáлá) аьлла: **«АллахIан маьждигаш дийна латтадо АллахIе а, тIаьхьарчу дийне** (къемат-дийне) **а ийман диллинчо а, дуьззина ламаз деш волчо а, закат луш волчо а, АллахI воцчух** (цхьаннах) **ца кхоьруш волчо а. Уьш герга бу нисбеллачех хила».** Сурат «Ат-ТавбахI», 18 айат.

Пайхамара (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) аьлла: **«Iуьйранна, я суьйранна маьждиге ваханарг, АллахIа цунна ялсаманехь хьошаллин меттиг кечйо, иза**

**Іуьйранна, я суьйранна** (цига) **моссуз ваха».** Бухарий Муслим.

## 13- Дийнатех къахетар

АллахІа беш болу бекхам а, Цо луш болу мах (совгІат) а лено йинчу Іамалах терра а, цуьнан тайпана а хуьлуш бу. Цундела, АллахІан къинхетам къинхетаме болчу нахаха хила герга бу. Ялсамана вахар а АллахІан къинхетамца а, Цуьнан дикаллийца а, комаьршаллийца а хуьлуш ду.

АллахІан элчано (АллахІера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) аьлла: **«Новкъа цхьа стаг воьдучу хенахь, чІогІа хьагвелла и. Лехча цхьа гІу карийна цунна. ТІаккха цу чу а воьссина хи меллачул тІаьхьа, хьалаваьлча, жІаьла гина цунна хала садоьІуш, хьогаллина тІуьна латта дууш, багара мотт ара а баьккхина. ТІаккха оцу стага ша-шега аьлла: «Хьогаллина соьга кхаьчнарг кхаьчна-кх хІокху жІалига». Юха а оцу гІу чу а воьссина, схьаяьккхина шен мача хих а юьзна, иза**

**багахь шен цергашца схьа а лаьцна, хьалаваьлла и гІу чуьра. ТІаккха жІаьлийна малийна цо. АллахІ цо диначунна реза хиларна баркалла аьлла цунна, цуьнан къиношна геч а дина».** Цара аьлла: «ХІай АллахІан элча, дийнаташ (животные) бахьана долуш ял хир ю тхуна?» ТІаккха пайхамара (АллахІера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) аьлла: **«Массо а садолчу хІуманехь** (цунна оьшург дича) **ял ю шуна».** Бухарий, Муслим.

## 14- Бусалбанийн новкъара цатам бен долу хІума дІаяккхар

Иза царах къахетарха а, дог лазарха а, ийманан дакъошха а ду.

АллахІан элчано (АллахІера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) аьлла: **«Цхьа стаг гира суна цхьа дитт бахьана долуш ялсамана вахана, цу чохь ниІматехь вехаш, цо и** (дитт) **хадийна новкъара дІадаьккхина хилар бахьан долуш, цо бусалбанашна некъахь цатам беш хиларна».** Муслим.

## 15- Дуьззина а, лерина а ламаз эцар

Дуьззина а, лерина а ламаз эцар АллахIана (ТаIáлá) дан ма-деззара Iибадат (лолла) дарах ду. Иза къиношна гечдаран бахьана ду. ЛадугIур вай цу хьокъехь АллахIан элчано (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) аьллачуьнга: **«Бусалба я муъма лено ламаз эцча, тIаккха цо шен юьхь йилча, цуьнан юьхь тIера хица цхьана массо а къа дIадолу, шен шина бIаьрга и шега хьаьжна долу, я хинан тIаьхьарчу тIадамашца дIадолу. ТIаккха цо шен ши пхьарс билча, цуьнан шина пхьаьрса тIера массо а къа дIадолу, цуьнан шина куьго тоьхна дина долу, хица цхьана я хинан тIаьхьарчу тIадамашца. ТIаккха цо шен ши ког билча, массо а къа дIадолу, цуьнан шина кого цунна тIебахана дина долу, хица цхьана я хинан тIаьхьаррчу тIадамашца, къиношха дIацIанвалл алц».** Муслим.

## 16, 17- Парз ламазаш а,
## Рузбан ламаз а лардар, церан гIайгIа яр

Иза, уьш дуьззина дарца хир ду, АллахIа омра ма-дарра, церан хенашкахь а, сибаташкахь а, куцошкахь а, меттигехь а.

АллахIан элчано (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) аьлла: **«Пхи ламаз а, рузбанна тIекхаччалц долу рузба а, Рамаданна тIекхаччалц болу Рамадан а шайна юкъахь эгна къинош дIадохуш ду, даккхийчу къиношха ларвелча хьана».** Муслим.

АллахIан элчано (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) кхин а аьлла: **«Лерина, дика ламаз а эцна, цул тIаьхьа рузбана а вахана цо** (хутIбанга) **вист ца хуьлуш ладоьгIча, цунна гечдийр ду цунний, тIедогIучу рузбанний юкъахь долчунна, кхин а кхо де сов а доккхуш.** (ХутIба дечу хенахь) **жагIанах куьйгаца хьакхавеллачуьнан рузбанан ял яйна».** Муслим.

Цу заманахь церан маьждигашчу тесна, жагIа бен паласаш а, кузаш а ца хилла. ХутIба дечу хенахь

дIасахьежар, муьлхха хIума ловзор, шен ши куьг саца цадар, къамелаш дар, рузбанан йолах воккхуш ду.

### 18- Ламазал тIаьхьа ламазе хьежар

Ламазе хьежаро лай ламаз тIехь волуш санна во. Иза цунна АллахI а, Цунна Iибадат дар а дезаран билгало ю.

АллахIан элчано (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) аьлла: **«АллахIа шеца къинош дIацIанден а, шеца** (ялсаманахь) **лакхара даржаш лун а долу хIума гайта ас шуна?»** Цара элира: Гайтахь тхуна, хIай АллахIан элча! Цо элира: **«Хала доллушехь** (масала: Iай я цомгаш волуш) **дуьззина ламаз эцар а, маьждигашка некъ дукха бар а, цхьа ламаз динчул тIаьхьа, цунна тIаьхьа догIучу ламазе хьежар а ду. Ткъа иза мостагIчунна дуьхьал тIом беш джихIадехь латтар санна ду шуна».** Муслим.

## 19- Іуьйра а, Малхбуза а ламазашна гІайгІа бар а, и шиъ лардар а

Вайна ма-хаъара, Іуьйра-ламазан хан наб а, йовхо а, садаІар а марзло хан ю. Малхбуза-ламазан хан белхаш чекхбоху а, гІор довн а, кІадлун а хан ю. Цундела и ши ламаз лардар а, цаьршинна гІайгІа бар а уггар сийлахь-йоккхачу Іамалех ду, лай бакъ хилар, даггара хилар гойтуш, цо шен Дела (Табарака, ва ТаІáлá) реза хилар хаьржина хилар гойтуш.

Абу Муса Аль-АшІарийс (АллахІ реза хуьлда цунна) аьлла, АллахІан элчано (АллахІера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) элира аьлла: **«Шийлачу хенан ши ламаз динарг, ялсамана гІур ву».** Бухарий, Муслим.

**«Шийлачу хенан ши ламаз»:** Іуьйра а, Малхбуза а ламазех олу.

## 20- АллахӀан дуьхьа хӀума дар а, Цуьнан ваӀда бакъ яр а

Ӏамрунан кӀанта Ӏабдуллáхӏа (АллахӀ реза хуьлда цунна) аьлла, АллахӀан элчано (АллахӀера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) элира аьлла: **«Шовзткъа хӀума ду, царех уггара лакхарниг юхалург шурийна къечуьнга гáза ялар ду. Царех цхьана хӀуманца Ӏамал еш волу цхьá стаг вац, оцу хӀуман мел а безаш, цунна дуьхьал лур ду аьлларг бакъ а деш, АллахӀа и бахьана долуш, иза ялсамана вахийтина бен».** Бухарий.

## 21- Суннат лардар а, цуьнан гӀайгӀа бар а

Еш йолу Ӏамал суннатаца йогӀуш хилар а, сунната тӀера схьаэцна хилар а шолгӀа биллам (бехкам – условие) бу, Ӏамалш къобаляран билламех. Цундела цхьá Ӏамал, Ӏибадат къобал дийр дац, суннатаца и йогӀуш хилча бен.

АллахӀа (ТаӀáлá) аьлла: **«Ахь ала** (Мухьаммад)**, шу АллахӀ везаш делахь, суна тӀаьхьа дуьйла,**

**АллахӀана дезар а ду шу, шун къиношна геч а дийр ду Цо».** Сурат «Алу Іимра́н», 31 айат.

Абу ХӀурайарата (АллахӀ реза хуьлда цунна) аьлла, АллахӀан элчано (АллахӀера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) элира аьлла: **«Дерриг сан уммат ялсамана гӀур ду, ца лууш воцург».** Цхьамма аьлла: «ХӀай АллахӀан элча, ца лууш мила хир ву?» Цо аьлла: **«Суна муьтӀахь хилларг, ялсамана гӀур ву. Суна Іеса хилларг, иза цалиънарг ву».** Бухарий.

## 22- АллахӀан хьукманна муьтӀахь хилар

Лен декхар ду шен Делан омранна муьтӀахь хилар, шен дагца а, дегӀаца а. ДегӀан ницкъ ца кхачахь, и тӀелоцур ду цо шен дагца, и кхочуш дан лаам хир бу цуьнан.

АллахӀа (ТаІа́ла́) аьлла: **«Хьан Делах дуй буу Ас, уьш ийман диллина хир бац, хьох цара хьукманча валлац, шайна юкъахь доьжначу, къаста ца луш долчу хӀумангахь. Цул тӀаьхьа шайн дегнашкахь царна гатто я шеко ца карош хилчий бен а ахь динчу хьукмангахь,**

**буьззина уьш** (хьан кхелана) **муьтIахь хилчий бен а».** Сурат «Ан-Нисáъ», 65 айат.

Абу ХIурайрата (АллахI реза хуьлда цунна) аьлла, АллахIан элчанна (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) тIедоьссинчу хенахь: **«АллахI да волуш ду стигланашкахь а, лаьттахь а долу хIума. Шайн дагахь дерг аш гучу даьккхича а, я и хьулдича а, АллахIа цунах жоп доьхур ду шуьга».** Сурат «Аль-БакъарахI» 284 айат.

АллахIан элчанан (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) асхьáбашна дазделира иза. ТIаккха АллахIан элча (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) волче бахара уьш. Цул тIаьхьа, гола а хевшина, цара элира: «ХIай АллахIан элча, Iамалшха тхан ницкъ кхочур болун Iамалаш ю тхуна тIеехкина: ламаз, джихIад, марха, сагIа (я закат). ХIара áйат доссийна хьуна тIе, иза-м тхан ницкъ кхочур болуш дац. АллахIан элчано (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) аьлла: **«Шул хьалхара шина жайнин охIлуно**

**аьлларг ала лууш ду шу: «тхуна хаза а хези, тхо Іеса а хили»? Ткъа аш ала: «Тхуна хаза а хези, тхо муьтІахь а хили. Хьоьга гечдар доьху оха, тхан Дела.** (Тхан) **дерзар хьоьга а ду».** ТІаккха оцу наха и цо ала аьлларг дешначу а, церан меттанашна и марзделлачу а хенахь, АллахІа (ТаІа́ла́) цунна тІаьххье доссийра: **«Элчано а ийман диллина шен Делера шега доссийначуьнга, муъманаша а, массара а ийман диллина АллахІе а, Цуьнан малийкашка а, Цуьнан жайнашка а, Цуьнан элчанашка а. Цуьнан элчанашха цхьа́ къеста а ца во оха. Цара аьлла: «Тхуна хаза́ а хези, тхо муьтІахь а хили. Тхан Дела, Хьоьга гечдар доьху оха.** (Тхан) **дерзар Хьоьга а ду».** ТІаккха цара и динчу хенахь, АллахІа (ТаІа́ла́) цуьнан (Шайн дагахь дерг аш гучадаьккхича а, я и хьулдича а АллахІ цунах жоп доьхур ду шуьга) бохучу Шен дешан хьукма хийцина, дешар лар а деш (насх дина олу цунах). ТІаккха АллахІа (ТаІа́ла́) доссийна: **«Цхьана́ стагана АллахІа тІедиллина дац цуьнан ницкъ кхочург бен.**

**Ша́ динчу диканан мел а бу цунна. Ша динчу вочуьнан къа а ду цунна.** (Цара аьлла) **Тхан Дела, тхуна таӀзар ма делахь - тхо дицлахь, я тхо** (ца хууш) **галдовлахь».** АллахӀа аьлла: **«ХӀаъ»** (дика ду). **«Тхан Дела, дан хала долу хӀума тхуна тӀе ма диллалахь, тхол хьалхарчарна Ахь тӀе ма-диллара».** Цо (ТаӀа́ла́) аьлла: **«Дика ду». «Тхуна къинтӀера ва́лалахь, тхуна гечделахь, тхох къинхетам белахь, Хьо тхан эла ву, цундела керста нахана тӀехь тхан гӀо делахь».** АллахӀа (ТаӀа́ла́): **«Дика ду»,** – аьлла. Муслим.

## 23- Диканиг а, нийса некъ а гайтар

Вовза ма-веззара шен Дела вевзинарг, Цунна реза хилларг, и ниӀмат хиънарг, девзинарг – чӀогӀа лууш хир ву, ша санна оцу хӀуманашкахь кхин шена декъашхо хилар.

АллахӀа (ТаӀа́ла́) аьлла: **«Хьайн Делан некъе** (дине) **кхайкхам бе кхетамца а, хазчу хьехамца а** (Къура́наца а, цуьнан хазчу хьехамашца а)**».** Сурат «Ан-Нахьл», 125 айат.

Абу МасIýда Аль-Ансáрийс (АллахI реза хуьлда цунна) аьлла, АллахIан элчано (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) элира аьлла: **«Диканиг гайтинчунна и диначунна санна ял хир ю».** Муслим.

Абу ХIурайрата (АллахI реза хуьлда цунна) аьлла, АллахIан элчано (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) элира аьлла: **«Нийсачу новкъа кхайкхам бечунна, оцу новкъа баханчарна йоллу ял хир ю, церан йолах цхьá хIума эша ца деш. Тиллачу новкъа кхайкхам бинчунна, оцу новкъа баханчу нахана доллу къа хир ду цунна, церан къиношха цо хIуммá эша ца деш».** Муслим.

## 24- Диканиг де алар а, вониг дехкар а

АллахI везаш верг, Цунна дезаш долу хIуманаш де бохуш кхайкхош хир ву. Цунна ца дезаш долу хIуманаш нахана доьхкуш хир ву (уьш нисбар Iалашонца). Телхинарг а, ладугIуш воцург а сацор ву цо, тиларха иза вухаверзоран дуьхьа.

АллахIа (ТаIа́ла́) аьлла: **«Адамашна гучудаьккхина уггар дика уммат ду шу, диканиг** (нахе) **де а олу аш, вониг** (царна) **дехка а доьхку аш».** Сурат «Алу-Iимра́н», 110 айат.

Абу СаIийда Аль-Худрийс (АллахI реза хуьлда цунна) аьлла: «Суна АллахIан элчано (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) олуш хезна: **«Вониг** (АллахI реза воцу хIума) **гинчо, иза шен куьйга хуьйцийла.** (И) **дан ницкъ ца кхачахь - шен маттаца.** (И) **дан ницкъ ца кхачахь - шен дагца. Иза уггар гIийла ийман ду».** Муслим.

## 25- Бусалбанийн сакхташ хьулдар

АллахI Шен лен сакхташ хьулдар чIогIа дезаш ву. Массо лай и оьшуш а, цуьнга хьашт а ву. Шен делера и шена хила лууш и велахь, Цуьнан халкъана́ а и лууш, латтош хуьлийла иза.

Абу ХIурайрата (АллахI реза хуьлда цунна) аьлла, Пайхамара (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) элира аьлла: **«Дуьненахь лено лай хьулвийр вац, къемат-дийнахь иза АллахIа хьулвиний бен».** Муслим.

Абу ХIурайрата (АллахI реза хуьлда цунна) аьлла, Пайхамара (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) элира аьлла: **«Дуьненан гIайгIанех цхьа гIайгIа муъма стагаха дIаайинарг, къемат-дийнан гIайгIанех цхьа гIайгIа дIаойур ю цунна АллахIа. Декхар такха таро йоцчунна и дайдинарг** (аьтто бинарг)**, АллахIа цуьнан аьтто бийр бу дуьненахь а, эхартахь а. Бусалба стаг хьулвинарг, АллахIа хьулвийр ву дуьненахь а, эхартахь а. АллахI лена гIо деш ву, и лай шен вешийна гIо деш мел ву».** Муслим.

## 26- Бусалбанийн хьашташ кхочуш дар

Бусалба бусалбанна декъахь ву шен Дела везарехь а, Цунна лолла (Iибадат) дарехь а. Цундела, лена АллахI везарах ду, И везарш цунна безар а, церан хьашташ кхочуш дар а, царна гIо дар а.

Iумаран кIанта (АллахI реза хуьлда цаьршинна) аьлла, АллахIан элчано (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) элира аьлла: **«Бусалба**

**бусалбачуьнан ваша ву, цо цунна зулам а дийр дац, и дӀа а тосур вац. Шен вешин хьаште хьожуш волчуьнан, АллахӀ а ву цуьнан хьаште хьожуш. Бусалба стагах цхьа гӀайгӀа дӀаайинарг, АллахӀа а дӀаойъур бу цунах, и бахьана долуш, къемат-дийнан гӀайгӀанех цхьа гӀайгӀа. Бусалба стаг хьулвинарг, АллахӀа иза а хьулвийр ву къемат-дийнахь».** Бухарий, Муслим.

## 27- Эсалалла а, кура ца хилар

Шен Дела Сийлахь-Воккха а, ницкъан да а вуй хууш волчо, оцу агӀор Цуьнан декъа ваха а гӀертар вац, Цуьнца дукъ а къуьйсур дац, оцу сибаташкахь Цунах тарвала а гӀертар вац. Сийлахь-Воккха И хиларна. ЧӀогӀа Веза-Воккха, цхьа́ хӀума Шега ца кхочуш И хиларна. Сийлахь-Воккха ницкъан да И хиларна. Шегахь цхьа тайпа эшам а, сакхт а доцуш И хиларна. Бакъонца массарал И сов хиларна.

ВахӀбан кӀанта Хьа́рисата (АллахӀ реза хуьлда цунна) аьлла: «Суна АллахӀан элчано (АллахӀера

къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) олуш хезна: **«Ялсаманенан охIлу бийца ас шуна? Уьш – наха ца лоруш, массо заьIап-гIийла верг ву, АллахIа шен аьтто бийриг хиларха тешаш цо дуй биъча, Цунна гIо дийр ма дара Цо иза кхочуш барна тIехь. Жоьжахатенан охIлу бийца ас шуна? Уьш – Массо дог декъаниг, собар доцург, нахах ца вешаш, бакъдерг тIецалоцуш верг ву».** Бухарий, Муслим.

Абу СаIийда Аль-Худрийс (АллахI реза хуьлда цунна) аьлла, Пайхамара (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) элира аьлла: **«Ялсаманенан а, жоьжахатенан а къамел – къовсам хилла. Жоьжахатено аьлла: «Суна чохь ницкъан дай а, кура нах хир болуш бу». Ялсаманино аьлла: «Суна чохь заьIап нах а, миска нах а хир болуш бу». ТIаккха АллахIа кхел йина царшинна юкъахь: «Хьо, ялсамане, - Сан къинхетам бу. Хьоьца Сайна луучух къинхетам бийр бу Ас. Хьо, жоьжахате, - Сан Iазап ду. Хьоьца Сайна луучунна Iазап лур ду**

**Ас. Шуьшиъ хIора а юзар Суна тIехь ду».** Муслим.

## 28- Дуьненна тIаьхьа ца идар, даьхни, бахам ца гулбар

Дуьне - лай шен Делах юкъахвоккхуш а, Цунна муьтIахь хиларха и сацош я хьевеш а хилар санна, иза иштта къемат-дийнахь и сацош а, хьевеш а хир ду, Цуьнан диканах а, Цуьнан къинхетамах а, Цуьнан ялсаманчу вахархá а.

Усáмата (АллахI реза хуьлда цунна) аьлла, Пайхамара (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) элира аьлла: **«Ялсаманин наьIаре хIоьттира со, тIаккха цу чохь болу дукхахберш миска нах бара. Хьал а, аьтто а болу нах совцийна латтош бара** (ялсамана чу баха хIинца а пурба далаза)**. Жоьжахатан охIлу цу чу бига аьлла дина омра дара. Жоьжахатенан наьIара тIе а хIоьттира со, тIаккха цу чохь дукхахберш зударий** (карийра) **суна».** Бухарий, Муслим.

## 29- Байшна юкъара хилар а, царна гIодар а

СаIдан кIанта СахIл бохучо (АллахI реза хуьлда цунна) аьлла, АллахIан элчано (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) элира аьлла: **«Со а, бона юкъара хилларг а** (бон бери дола динарг а) **ялсаманахь иштта хир ву».** Хьажо пIелг а, юккъера пIелг а гайтина цо дIасакъастийна. Бухарий, Муслим.

## 30- Йисина йолчу зудчуьнан а, мискачу нехан а гIайгIа бар

Пайхамара (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) аьлла: **«Майра велла йисинчу зудчуьнан а, мискачу стеган а гIайгIа бинарг** (уьш кхаьбнарг), **АллахIан дин бахьанехь джихIад динарг санна ву».** Цо элира аьлла хеташ ву со: **«ГIел ца луш буса** (Iибадатана) **гIоттуш верг санна а ву и, ца дохош** (денна) **марха кхобург санна а ву и».** Бухарий, Муслим.

## 31- ЙоIарий а, йижарий а царна оьшачу хIуманца кхиабар

Анаса (АллахI реза хуьлда цунна) аьлла, пайхамара (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) элира аьлла: **«Йоккха хиллалц ши йоI кхаьбна–кхиийнарг, къемат-дийнахь вогIур ву и, со а, иза а хIара шиъ санна волуш».** Шен пIелгаш и олуш гулдира цо. Муслим.

## 32- Шен зуда а, доьзал а кхабар

Совба́на (АллахI реза хуьлда цунна) аьлла, АллахIан элчано (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) элира аьлла: **«Стага дойъуш долу уггар дика диййна́р** (ахча), **цо шен доьзална дойуш долу диййна́р а ду. АллахIан новкъа** (джихIа́дана) **латтош йолчу шен тIехуучу хIуманна дойъуш долу диййна́р а ду. АллахIан новкъахь** (джихIадехь) **шеца болчу шен накъосташна цо дойъуш долу диййна́р а ду».** Муслим.

## 33- Лулахочуьнца дика хилар

АллахIа (ТаIáлá) аьлла: **«АллахIана лолла де, Цуьнца цхьá хIума а накъост ма ве. Денна-нанна а, гергарчунна а, байшна а, мискачарна а, гергарчу лулахочунна а, гергара воцчу лулахочунна а, хьайн некъа накъостанна а, некъахочунна а, шун карахь болчу лешна а диканиг де».** Сурат «Ан-Нисáъ», 36 айат.

Iумаран кIантá а, Iáишатá а (АллахI реза хуьлда царна) аьлла, АллахIан элчано (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) элира аьлла: **«Жабрáийл лулахочуьнан хьокъехь весет деш хуьлура соьга** (вахьйу дохьуш массуз деа)**, цо цуьнгара** (лулахочуьнгара) **ирс эца деза эра дукх хьуна аьлла моттал».** Бухарий, Муслим.

## 34- Дена-нанна дика хилар

МасIýдан кIанта IабдуллáхIа (АллахI реза хуьлда цунна) аьлла: Ас пайхамаре (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) хаьттира: АллахIана (ТаIáлá) уггар дукха езаш йолу Iамал

муьлха ю? Цо элира: **«Шен хеннахь дина ламаз ду».** Ас элира: Цул тӀаьхьа муьлха ю? Цо элира: **«Дена-нанна мутӀахь а, дика а хилар ду».** Ас элира: Цул тӀаьхьа муьлха ю? Цо элира: **«АллахӀан новкъа тӀехь** (Цуьнан дин толо, даржо) **дина джихӀад ду».** Бухарий, Муслим.

Пайхамара (АллахӀера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) аьлла: **«Сийсаза хилла, сийсаза хилла, сийсаза хилла шен да-нана, я царшиннах цхьаъ къандаллац ва́ха́ а ваьхна, тӀаккха ялсамана ца ваханарг».** Муслим.

## 35- Гергарлонаш лелор

Абу ХӀурайрата (АллахӀ реза хуьлда цунна) аьлла, АллахӀан элчано (АллахӀера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) элира аьлла: **«АллахӀах а, тӀаьхьарчу дийнах а тешаш волчо, шен хьаша лоьрийла. АллахӀах а, тӀаьхьарчу дийнах а тешаш волчо, диканиг олийла я вист ца хьулуш ӀадӀойла».** Бухарий, Муслим.

Абу Аййуба (АллахӀ реза хулда цунна) аьлла: «Цхьана стага элира: «ХӀай АллахӀан элча, со

ялсамана а вохуьйтур волуш, жоьжахатенна со гена а воккхур волуш йолу Iамал (болх, Iибадат) дийцахь сунна». ТIаккха пайхамара (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) элира: **«АллахIана лолла** (Iибадат) **дийра ду ахь. Цуьнца цхьа́ хIума накъост ма ве. Дуззе ламаз де. Закат ло́. Гергарло леладе».** Бухарий, Муслим.

## 36, 37, 38- Дикана охIлунна зиярат дар, цаьрца охьахийшар, уьш безар

Дикана охIлу – уьш АллахIана муьтIахь хиларан охIлу бу, шайн пайхамаран (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) суннатана (некъана) тIегIертарш бу, шайн «дикачу хьалхенна» тIаьхьабоьлхурш бу.

Абу ХIурайрата (АллахI реза хуьлда цунна) аьлла, пайхамара (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) элира аьлла: **«Цхьа стаг шен кхечу юьртахь волчу вешийна зиярат дан араваьлла. ТIаккха АллахIа (ТаIа́ла́) и воьдучу новкъахь цунна цхьа малик кечдина.** (ВогIуш) **цунна тIекхаьчча цо аьлла: «Стенга**

**воьдуш ву хьо?» Цо жоп делла: «ХIокху юьртахь волу сайн ваша волче воьдуш ву со». Цо аьлла: «Цуьнгара цхьа хIума оьшуш** (хьашт долуш) **воьдуш вуй хьо цига?» Цо аьлла: «Вац, АллахIан (ТаIáлá) дуьхьа и везаш хилар доцург». Цо аьлла: «Делахь, со АллахIан геланча ду, хьуна хаийта дайитина, АллахIана хьо везаш хилар, Шен дуьхьа хьуна и везар санна».** Муслим.

Абу ХIурайрата (АллахI реза хуьлда цунна) аьлла, АллахIан элчано (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) элира аьлла: **«Лазархочуьнга** (цомгушчуьнга) **хьажа вахнарг я шен, АллахIан дуьхьа лаьцна волчу, вешийна зиярате вахнарг, кхайкхам бо цуьнга: «Хаза а, тамехь а хили хьо. Хьан вахар** (некъ бар) **хаза ду. Ялсаманахь меттиг а яьккхи ахь».** Тирмизий.

Анаса (АллахI реза хуьлда цунна) аьлла: **«Абу Бакра аьлла Iумаре (АллахI реза хуьлда царшинна) АллахIан элча (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна)**

**дIакхелхинчул тIаьхьа: «Умму Айман (АллахI реза хуьлда цунна) йолче гIó вайшиъ. Зиярат дийр дара вайшима цунна, АллахIан элча (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) цунна зиярат деш ма хиллара». ТIаккха и шиъ цунна тIекхаьчначу хенахь йилхина и. ТIаккха царшима аьлла цуьнга: «Хьо стенна йоьлхаш ю? Хьуна ца хаа АллахIана гергахь долу хIума АллахIан элчанна (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) дика дуйла** (дуьненал)**?» ТIаккха цо жоп делла: «Со-м яц йоьлхуш, сайна ца хаарна, АллахIана (ТаIáлá) гергахь дерг АллахIан элчанна (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) дика дуйла. Амма со елхар бахьана стиглара** (догIуш долу) **вахьйу дIахадар ду». ТIаккха цушинна дог велха меттах даьккхира цо. ТIаккха цуьнца велха волавелира и шиъ а».** Муслим.

Умму Айман АллахIан элчанан (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) цуьнан беран хенахь и кхаьбнарг а, цуьнан ялхо хиллаг а

ю. Пайхамара хьалхайитина иза ша воккха хиллачу хенахь. Хьа́рисан кIанте Зайде маре елла цо и. Пайхамара (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) лораш а, дика деш а хилла цунна, дена-нанна доьзалхочо санна. Цо олуш хилла: «Умму Айман сан нана ю».

## 39, 40- АллахIан дуьхьа везар, салам даржор

АллахIан дуьхьа стаг везар ийманан генашха сийлахь–даккхийчех ду, ийманан марзонан чам хаабаларан бахьана ду. Салам даржор и безам хиларан бахьана ду.
АллахIа (ТаIа́ла́) аьлла: **«Кертахь** (Мадийнатахь) **бехаш берш** (анса́раш) **а, уьш** (мухIа́джарш) **бахкале, царал хьалха ийман дезна, цуьнца уьйр лаьцнарш а, везаш бу хIиджрат дина шайна тIебаьхкинарш. Шайн дегнаш чохь хьагI а ца хаало царна вукхарна** (мухIа́джаршна) **цо** (пайхамара) **шена кхаьчначух даларх. Шайла уьш хьалха а боху цара, харжа а хоржу, шаьш мел хьашт белахь**

**а. Шайн сутараллех ларбинарш – уьш ирсе, декъал хилларш бу».** Сурат «Аль-Хьашр», 9 айат.

Анаса (АллахI реза хуьлда цунна) аьлла, пайхамара (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) элиар аьлла: **«Кхоъ хIума ду, уьш шегахь долчунна, уьш бахьанехь иймáнан марзо хаалур долуш:**

**- АллахI а, Цуьнан элча а и шиъ воцчу кхечарал массарал цунна дукха везаш хилар ду.**

**- АллахIан дуьхьа бен ца везаш, цунна стаг везар ду.**

**- Керстаналле верза цунна ца дезар ду, АллахIа ша цунах кIелхьара ваьккхинчул тIаьхьа, ша жоьжахата чу кхоссар ца дезар санна».** Бухарий, Муслим.

Цо аьлла, «АллахIан элчано (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) элира аьлла: **«Баккъалла а, АллахIа (ТаIáлá) къемат-дийнахь эр ду: «Сан Сийлахь-Воккхаллийн дуьхьа вовшашна безнарш мичахь бу? Ас**

**тахана Сайн Іиндагle хІиттор бу уьш, Сайниг бен ІиндагІ доцчу дийнахь».** Муслим.

Цо аьлла, АллахІан элчано (АллахІера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) элира аьлла: **«Сан са Шен карахь долчух дуй буу ас, ялсамана гІур дац шу - ийман аша диллалц. Дуьззина ийман долуш хир дац шу - вовшашна деззалц. Аш и дича шу вовшашна дезар долу хІума дийций ас шуна? Шайна юкъахь салам даржаде!».** Муслим.

## 41- АллахІах кхерар

АллахІа (ТаІáлá) аьлла: **«Шен Далла хьалха хІоттарха кхоьруш волчунна, шиъ ялсаманенан беш хир ю».** Ар-Рахьмáн: 46.

Абу ХІурайрата (АллахІ реза хуьлда цунна) аьлла, АллахІан элчано (АллахІера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) элира аьлла: **«Буьйсанна цхьаъ шена тІелатарна кхоьруш волу некъахо, буьйсана юххьехь вер ву новкъа. Буьйсанна юххьехь новкъа ваьлларг, цІа**

**кхочур ву. ЛадогIалаш, АллахIа юхкург (предмет торговли) еза (лакхара мах болуш) ю шуна. Юха а, ладогIалаш, АллахIа юхкург ялсамане ю шуна».** Тирмизий.

Цунах лууш дерг: АллахIана муьтIахь хила кийча а, тIера а хилар ду. Ткъа дика хууш верг АллахI ву.

Шен дагчохь АллахIах кхерар долуш волчо, дика Iамал йийр ю, ша кхоьрачух кIелхьарвоккхуш йолу.

Абу ХIурайрата (АллахI реза хуьлда цунна) аьлла: «АллахIан элчане (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) хаьттира адмаш: уггар дукха ялсамана догIуьйтуш долчу хIуманах лаьцна. Цо элира**: «АллахIах кхерар а, хаза гIиллакх а ду».** Цуьнга юха а хаьттира: адамаш уггар дукха жоьжахата догIуьйтуш долчу хIуманах лаьцна. Цо элира: **«Бага а, эвхье меттиг а ю».** Тирмизий.

## 42, 43- АллахIан къинхетаме дог дахар, Цуьнгахь дика ойла хилар

Иза моттар а, чIогIа лаар а, дог дахар а ду шен къинна АллахIа шена гечдийриг хилар а, Цо шех къинхетам бийриг хилар а, Цо Шен ялсамана ша вохуьйтург хилар а.

АллахIа (ТаIа́ла́) аьлла: **«Ахь ала (**Мухьаммад, сан цIарх)**, хIай, Iосаллашца тIехдуьйлуш, шайна бохамаш бинарш, АллахIан къинхетамах дог ма дилла. Баккъалла а, АллахI дерриг къиношна гечдеш ву** (тоба дича)**. Иза, баккъалла а, гечдеш верг а, къинхетам беш верг а ву».** Сурат «Аз-Зумар», 53 айат.

Абу ХIурайрата (АллахI реза хуьлда цунна) аьлла, пайхамара (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) элира аьлла, шен Дала боху аьлла, ша дуьйцучу юккъехь (къудсий хьадийсехь): **«Сан лено къа до, тIаккха цо олу: «Йа АллахI, гечдехьа суна сан къинна». ТIаккха АллахIа (Таба́рака ва ТаIа́ла́) олу: «Сан лено къа дина. ТIаккха цунна хии шен**

**Дела хилар, къинна гечдеш а, къа бахьана долуш таIзар деш а». Цул тIаьхьа а, шегара къа далийтина цо, тIаккха а аьлла цо: «ХIай сан Дела, гечдехьа суна сан къинна». ТIаккха Цо (Таба́рака ва ТаIа́ла́) аьлла: «Сан лено шегара къа далийти. ТIаккха цунна хии къинна гечдеш шен Дела хилар, къа бахьана долуш таIзар деш». Цул тIаьхьа а, къа ди цо, тIаккха а эли цо: «ХIай сан Дела, гечдехьа суна сан къинна». ТIаккха Цо (Таба́рака ва ТаIа́ла́) аьлла: «Сан лено къа дина. ТIаккха цунна хии шен Дела хилар, къинна гечдеш а, таIзар деш а. Ас гечди сайн лена. Шена луург дойла цо».** Бухарий, Муслим.

Iабдулла́хIан кIанта Джа́бира (АллахI реза хуьлда цаьршинна) аьлла: Суна пайхамара (АллпхIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) олуш хезира ша дIакхалхале кхо де хьалха: **«Варийлаш, шух цхьа́ а вала ма лелаш АллахIах (ТаIа́ла́) дика моьтташ бен, Цунах ойла дика йолуш бен».** Муслим.

Анаса (АллахI реза хуьлда цунна) аьлла: Суна АллахIан элчано (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) олуш хезира: **«АллахIа (ТаIáлá) аьлла: «ХIай Адаман кIант, хьо Соьга доIа деш мел ву,** (Соьгарчуьнга) **сатуьйсуш, дог дохуш мел ву, Ас геч ди хьуна хьоьгара даьллачунна, Суна бен а дац** (хьан къинош мел дукха хилча а)**. ХIай Адаман кIант, хьан къинош стиглана лакхенашка кхаьчнехь а, цул тIаьхьа ахь Соьга гечдар дехча, Ас гечдийр ду хьуна. Суна бен а дац. ХIай Адаман кIант, хьо Суна тIе, латта дуза гаттдина, къинош летийна веъча а, цул тIаьхьа Соьца хIумма а накъост ца веш, хьо Суна дуьхьал веъча, и гечдарха дуза гаттдина хир ву хьуна Со».** Тирмизий.

## 44, 45, 46- АллахI цхьаъ вар, Цуьнца накъост ца вар, даггара ши шахIáдат дáладар

Иза (тоьшалла) ялсамана вахаран хьалхара бахьана а, цуьнан догIа а ду, шеца бен и йоьллар йоцуш долу.

Ас-Са́митан кӀанта Ӏуба́дата (АллахӀ реза хуьлда цунна) аьлла, АллахӀан элчано (АллахӀера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) элира аьлла: **«Тоьшалла динарг АллахӀ воцург бакъонца Шена лолла** (Ӏибадат) **дан кхин дела вац, Ша цхьаъ ву И, Шен накъост воцуш, Мухьаммад Цуьнан лай а, Цуьнан элча́ а ву, Ӏи́са АллахӀан лай а, Цуьнан элча́ а ву, Цуьнан дош а ду, Цо Марйаме диллина** (тесна) **дош а, Цуьнгара са́ а ду. Ялсамане бакъ хилар, жоьжахате бакъ хилар – АллахӀа ялсамана вохуьйтур ву и,** (цо) **йинчу Ӏамале хьаьжна».** Бухарий, Муслим.

Джа́бира (АллахӀ реза хуьлда цунна) аьлла: «Цхьана акха Ӏаьрбийчо пайхамар (АллахӀера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) волче веана элира: «ХӀай АллахӀан элча, ялсамане, жоьжахате хуьлуйтуш долу ши хӀума хӀун ду?» ТӀаккха цо аьлла: **«АллахӀаца цхьа хӀума накъост ца веш велларг, ялсамана гӀур ву. АллахӀаца цхьа хӀума накъост веш велларг, жоьжахата гӀур ву».** Муслим.

Анаса (АллахI реза хуьлда цунна) аьлла, пайхамара (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) элира аьлла: «МуIáз нуьйр тIехь цунна тIехьа хиъна а волуш: **«ХIай МуIáз».** Цо элира: «ХIай АллахIан элча, со ладгIуш а, кийча а ву хьуна. АллахIа аьтто а, гIо а дойла хьан». Кхузза кхайкхина и цуьнга. Кхуззе а МуIáза изза жоп делла цунна. ТIаьххьара ша цуьнга кхайкхича, пайхамара (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) аьлла: **«Цхьá лай вац, АллахI воцург кхин дела вац бакъонца Шена лолла** (Iибадат) **дан аьлла тоьшалла дина волу а, Мухьаммад Цуьнан лай а, Цуьнан элча а ву аьлла, цIенчу дагара, тоьшалла дина волу а, АллахIа иза жоьжахатенна хьарам вийр волуш бен».** Цо аьлла: «ХIай АллахIан элча, нахана и дIахаийта ца мега ас, баккхий буьра бар-кх уьш?» Цо (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) аьлла: **«ТIаккха (**цуьнан тIехулара маьIнийн) **тIе а тевжина** (Iамал яр дуьтур ду-кх) **цара».** ТIаккха МуIáза дIахаийтина

и, ша лечу хенахь, и Iилма ша хьулдича шена къа хиларна кхоьруш». Бухарий, Муслим.

## 47- АллахIах кхоьруш, велхар

АллахIа (ТаIа́ла́) аьлла: **«Бертал а оьга уьш** (суджудана)**, белха а боьлхуш,** (шайн) **чIенгаш латтах а хьаккхайолуьйтуш. Цо** (Къура́но) **сов а боху уьш** (АллахIана) **муьтIахь хиларехь а, хьастабаларехь а».** Аль-Исра́ъ: 109.

Абу ХIурайрата (АллахI реза хуьлда цунна) аьлла, АллахIан элчано (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) элира аьлла: **«ВорхI ву АллахIа Шен IиндагIе хIоттор волуш, Шениг бен IиндагI доцчу дийнахь: Iедале имам; АллахIана (ТаIа́ла́) Iибадат деш кхиъна жима стаг; маьждигех шен дог хоттаделла стаг; АллахIан дуьхьа вовшин везна ши стаг, оцу тIехь вовзар, цхьанакхетар хилла царшина, оцу тIехь дIа а къастина и шиъ** (дуьненара дIаволуш)**; хаза а, дарж долуш а йолчу зудчо шега схьакхайкхина** (дагара хаийтина) **стаг ву, тIаккха цо аьлла** (цуьнга)**: «Со АллахIах**

**кхоьру»; къайлаха сагIа делла стаг ву, цуьнан аьрру куьйгана ца хуучу кепара, цуьнан аьтту куьйго луш дерг; ша волуш, шен дог И воцчух паргIат долуш АллахI дага а веъна, тIаккха шен ши бIаьрг билхинарг ву».** Бухарий, Муслим.

## 48- Дуьне дитар, цунна сутар ца хилар, магийначу некъаций бен и ца лахар

Дуьне новкъарло ю ялсамана вахарна а, АллахIана герга вахарна а. Оцу дуьненна сутар ца хилар, и дитар, оьшучу барамехь бен и ца лахар, и лохуш хьанал новкъа лахар, ялсаманех а, АллахIах а стаг дIахуттуш ду.

Ас-Са́Iидий тайпана волчу СаIдан кIанта СахIла (АллахI реза хуьлда цунна) аьлла: Цхьа стаг веъна пайхамар (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) волче, цо элира: «ХIай АллахIан элча, суна цхьа болх (Iамал, гIуллакх) бийцахь, ас и бича со АллахIана а, нахана а везар волуш». ТIаккха пайхамара (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) аьлла:

**«Дуьне дита ахь, АллахIана везар ву хьо. Нахехь дерг Iаддита ахь** (цуьнга са ца туьйсуш)**, нахана везар ву хьо».** Ибн Ма́джахI.

## 49, 50, 51- Долчух кхачо яр (дерг тоийтар), эсалалла (хIума еха эхь хетар), нахе ца ехар

АллахIа (ТаIа́ла́) аьлла: **«Са́гIанаш** (иштта закаташ) **къечарна догIу, шайн догIмаш АллахIан некъана** (джихIадана) **хьажийна болу. Церан ницкъ бац** (йиш яц) **ара бовла** (механа а, бахамна а дIасабаха)**.** (Церан хьал) **ца хуучунна уьш хьал долуш бу моьтта,** (цара ца ехарна)**. Хьуна уьш бевзар бу церан билгалонца** (эсаллеха, къахьегаран ларашха)**. Нахера** (цхьа хIума) **йоьхуш бацара уьш. Аш даьхни дайича, АллахI и хууш ву шуна».** Сурат «Аль-БакъарахI», 273 айат.

Iамранан кIанта Iабдулла́хIа (АллахI реза хуьлда цунна) аьлла, АллахIан элчано (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) элира аьлла: **«Декъала хилла бусалба хилларг а, кхачо**

**хиллал шена рицкъа делларг а, АллахIа Ша деллачуьнца шега кхачояйтинарг а».** Муслим.

Хьиза́ман кIанта Хьаки́ма (АллахI реза хуьлда цунна) аьлла, пайхамара (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) элира аьлла: **«Лакхара** (тIехула долу) **куьг дика ду, лахарчу куьйгал** (луш долу куьг дика ду схьаоьцучу куьйгал)**. Ахь кхобуш болчарна тIера волало. Уггара дика сагIа аьтто болуш делларг ду. Ца йоьхуш собаре хилларг, АллахIа хIумма ца оьшуьйтуш дог паргIат вийр ву и.** (Нехан хIума) **ца оьшуш верг, АллахIа иза аьтто болуш вийр ву».** Бухарий, Муслим.

Савба́на (АллахI реза хуьлда цунна) аьлла, АллахIан элчано (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) элира аьлла: **«Нахе хIумма ца еха суна юкъарахилларг, со цунна юкъарахуьлу ялсамане хилийта».** ТIаккха ас элира: «Со (хуьлу хьуна юкъара)». Цул тIаьхьа иза цхьаьнге а хIума йоьхуш вацара. Абу Да́ву́д.

## 52- Хаза гӀиллакх

АллахIа (ТаIáлá) аьлла: **«…уьш а бу уьш** (АллахIах кхоьруш берш)**, шайн** (даьхни а, бахам а) **дIалуш берш халонгахь а, аьттонгахь а, оьгIазло сацош берш, нахана къинтIера бовлуш берш. АллахI диканиг дийриш безаш ву».** Сурат «Алу-Iимрáн», 134 айат.

Абу ХIурайрата (АллахI реза хуьлда цунна) аьлла: АллахIан элчане (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) хьаттина уггар дукха ялсамана нах бохуьйтучух лаьцна. Цо аьлла: **«АллахIах кхерар а, хаза гIиллакх а ду».** ТIаккха а хьаттина цуьнга жоьжахата уггар дукха нах бохуьйтучух лаьцна. ТIаккха цо аьлла: **«Бага а, эвхье меттиг а ю».** Тирмизий.

Абу Умамата Аль-БáхIилийс (АллахI реза хуьлда цунна) аьлла, АллахIан элчано (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) элира аьлла: **«Ялсаманин йистехь цIа хилийта юкъара ву со, къийсарш ца деш волчунна, бакълуьйш велахь а. Ялсаманенан юккъехь цIа хилийта а, аьшпаш ца буттуш волчунна, забар еш**

**велахь а. Ялсаманенан уггар лекхачу меттехь цIа хилийта а, шен гIиллакх хаза долчунна».** Абу Да́ву́д.

## 53- Дикалла, кIедалла, эсалалла

АллахIа (ТаIа́ла́) аьлла: **«…оьгIазло сацош берш, нахана къинтIера бовлуш берш. АллахI диканиг дийриш безаш ву».** Сурат «Алу-Iимра́н», 134 айат.

АллахIа (ТаIа́ла́) кхин а аьлла: **«КъинтIера волуш а, хIума тардолуьйтуш а хила** (Мухьаммад), **диканиг де олуш а, кхайкхош а хила, джа́хIилаш** (ца кхетарш) **Iадбита, цаьрца дийцарш, къийсарш ма де».** Сурат «Аль-АIра́ф», 199 айат.

Iаишата (АллахI реза хуьлда цунна) аьлла, АллахIан элчано (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) элира аьлла: **«Баккъалла а, АллахI дика а, кIеда а ву, дикалла а, кIеда хилар а массо балхехь дезащ а ву».** Бухарий, Муслим.

## 54, 55- Хьукмангахь а, доьзалехь а нийсо еш хилар

АллахIа (ТаIа́ла́) аьлла: **«Баккъалла а, АллахI омра деш ву Iедале хиларца а, дика дарца а…».** Сурат «Ан-Нахьл» 90 айат.

Iамрунан кIанта IабдуллахIа (АллахI реза хуьлда цаьршинна) аьлла, АллахIан элчано (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) элира аьлла: **«Баккъалла а, нийсо еш хилларш, АллахIана гергахь, нуьре минбаршна тIехь хир бу: уьш шайн хьукмангахь а, шайн доьзалашкахь а, шаьш тIехIиттийна болчарна юкъахь а нийсо еш берш бу».** Муслим.

Хьима́ран кIанта Iияда (АллахI реза хуьлда цунна) аьлла: «АллахIан элчано (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) суна олуш хезна: **«Ялсаманан охIлу кхоъ тайпа бу: нийсо еш а, дика долчунна тIе нисвина а волу куьйгалхо а ву; массо а бусалбанна а, гергарчунна а дог кIеда а, къинхетамен а волу стаг а ву; ша къе воллушехь ца йоьхуш доьзал дукха берг а ву».** Муслим.

## 56- Хьаша лерар

Абу ХIурайрата (АллахI реза хуьлда цунна) аьлла, пайхамара (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) элира аьлла: **«АллахIах а, къемат-дийнах а тешаш волчо - шен хьаша лоьрийла. АллахIах а, къемат-дийнах а тешаш волчо - шен гергарчу нахаца гергарло** (ца хадош) **леладойла. АллахIах а, къемат-динах а тешаш волчо - диканиг олийла, я** (шена диканиг ца хаахь, я и ала цалахь) **вист ца хьулуш IадIойла и».** Бухарий, Муслим.

## 57- Цомгашчуьнга хьажа вахар

Савбáна (АллахI реза хуьлда цунна) аьлла, пайхамара (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) элира аьлла: **«Баккъалла а, бусалба стаг шен бусалба вешийна тIехIотта** (хьажа) **вахча, ялсаманачуьра стоьмаш схьадохуш ву и вуха верззалц».** Муслим.

## 58- Азан дечунна жоп далар а, элчанна дарж дехар а

Iамранан кIанта IабдуллáхIа (АллахI реза хуьлда цаьршинна) аьлла, шена АллахIан элчано (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) олуш хезна: **«Шуна кхайкхам** (азáн) **хезча, цо эриг ала. Цул тIаьхьа суна салот дилла. Суна цхьа салот диллинчунна, АллахIа цунна дуьхьал** (и бахьана долуш) **итт салот дуьллур ду цунна. Цул тIаьхьа АллахIе суна «Аль-Васи́лахI» деха. Иза ялсаманахь дарж ду. АллахIан лешха цхьана лена бен хирдоцуш. И** (лай) **со хиларе сатуьйсуш ву со. И дарж суна дехначунна сан шапáIат хир ду».** Муслим.

Джáбира (АллахI реза хуьлда цунна) аьлла, АллахIан элчано (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) элира аьлла: **«Азан шена хезначу хенахь аьлларг: АллáхIумма рабба хIáзихIид-даIватит-тáммахI, вас-салáтил къáимахI, áти Мухьаммадан аль-Васи́лата, вал-фади́лахI. ВабIасхIу макъáман махьмудан**

**аллазѝ ваIадтахI. Цунна сан шапа́Iат хир ду къемат-дийнахь».** Бухарий.

## 59- Суннат а,
## чIогIа суннат долу ламазаш а ца дитар

Абу Суфянан йоIа Рамлата, муъма нехан нана йолчу (АллахI реза хуьлда царшинна) аьлла: «Суна АллахIан элчано (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) олуш хезна: **«Цхьа́ бусалба лай хир вац, АллахIана (ТаIа́ла́) хIора дийнахь шийтта ракаIат ламаз деш, шен лаамехь, парз доцург, АллахIа цунна ялсаманахь цIа дугIуш** (хIоттош) **бен, я ялсаманахь цунна цIа дугIуш бен.** Муслим.

Iумаран кIанта (АллахI реза хуьла цунна) аьлла: **«Ас ламаз дира АллахIан элчанца (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) делкъа-ламазал хьалха шиъ ракаIат а, цул тIаьхьа шиъ ракаIат а, рузба ламазл тIаьхьа шиъ ракаIат а, пхьуьйра ламазал тIаьхIа шиъ ракаIат а».** Бухарий, Муслим.

## 60- Марха кхабар а, тара́ви́хь ламаз дар а

СаӀдан кӀанта СахӀлас (АллахӀ реза хуьлда цунна) аьлла, пайхамара (АллахӀера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) элира аьлла: **«Баккъала а, ялсаманенан неӀ ю Ар-Райййа́н цӀе йолуш, къемат-дийнахь, марханаш кхаьбнарш гӀур бу цигахула чу. Уьш бен цхьа́ гӀур вац цигахула чу. «Марханаш кхаьбнарш мичахь бу», - эр ду? ТӀаккха уьш хьалагӀовттур бу, уьш бен цхьа́ гӀур вац оцу неӀарехула чу. Уьш чубахана бевлча и неӀ дӀачӀогӀур ю, тӀаккха цигахула чу цхьа́ гӀур вац».** Бухарий, Муслим.

Абу ХӀурайрата (АллахӀ реза хуьлда цунна) аьлла, пайхамара (АллахӀера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) элира аьлла: **«АллахӀах тешаш а волуш, Цуьнгара ял а езаш, Рамадана марха кхаьбначунна, дӀадаханчу къиношна гечдийр ду. Рамадана баттахь тара́ви́хь ламазаш динарг, АллахӀах тешаш а волуш, Цуьнгара ял а езаш, – цуьнан къиношха дӀадаханчу къинна гечдийр ду цунна. «Лайлатул-къадр» цӀе йолчу буса гӀаьттина** (муьлхха а цхьа)

**Іибадат динарг, АллахIах тешаш а волуш, Цуьнгара ял а езаш, цуьнан къиношха дIадаханчу къинна гечдийр ду цунна».** Бухарий, Муслим.

Тхан дехар ду, хIара пайданаш мел бешначо, пайда эцначо АллахIе тхуна гечдар доьхуш доIа дар а, хIара пайданаш дIасабалар а. Тхан тIаьххьара доIа - Алхьамду-лилла́хIи раббил Іа́лами́н, ду!

الله أكبر

**1431 – 2010**

## Чулацам

Дешхьалхе ………………………………………. 2
1- Дог цIена АллахIана Iамал яр ………………. 5
2- Бакъ долу тоба дар,цуьнан билламаш кхочуш беш ………………………………………… 6
3- АллахIана муьтIахь хиларна тIехь а, Цуьнан кхелашна тIехь а собар дар ……………….... 11
4- Дешнашкахь, дечу хIуманашкахь, догтеша дезачу хIуманашкахь бакъ хилар …………… 13
5- Къайлах а, гуш а Алла́хI ларвар …………... 15
6- АллахIах кхерар – дерригенна ницкъ кхочуш а, Сийлахь-Воккха а ву Иза …………….. 16
7, 8- АллахIана тIе болх биллар а, Цунах тешар а ............................................ 17
9- АллахIан омранна тIехь нисвалар ............... 20
10- Диканаш дан сихвалар .............................. 22
11- АллахIана муьтIахь хиларан новкъа ша-шеца къийсам латтор ........................................ 23
12- АллахI хьехон а, ламаз дан а маьждигашка дукха эхар .................................................. 26
13- Дийнатех къахетар .................................... 27
14- Бусалбанийн новкъара цатам бен долу хIума дIаяккхар ................................................ 28

15- Дуьззина а, лерина а ламаз эцар ................ 29
16, 17- Парз ламазаш а, Рузбан ламаз а лардар, церан гIайгIа яр ........................................ 30
18- Ламазал тIаьхьа ламазе хьежар .................. 31
19- Iуьйра а, Малхбуза а ламазашна гIайгIа бар а, и шиъ лардар а ............................................ 32
20- АллахIан дуьхьа хIума дар а, Цуьнан ваIда бакъ яр а ...................................................... 33
21- Суннат лардар а, цуьнан гIайгIа бар а ....... 33
22- АллахIан хьукманна муьтIахь хилар ......... 34
23- Диканиг а, нийса некъ а гайтар .................. 37
24- Диканиг де алар а, вониг дехкар а ............. 38
25- Бусалбанийн сакхташ хьулдар .................. 39
26- Бусалбанийн хьашташ кхочуш дар ............ 40
27- Эсалалла а, кура ца хилар ........................... 41
28- Дуьненна тIаьхьа ца идар, даьхни, бахам ца гулбар ........................................................... 43
29- Байшна юкъара хилар а, царна гIодар а .... 44
30- Йисина йолчу зудчуьнан а, мискачу нехан а гIайгIа бар ........................................................ 44
31- ЙоIарий а, йижарий а царна оьшачу хIуманца кхиабар ..................................................... 45
32- Шен зуда а, доьзал а кхабар ....................... 45

33- Лулахочуьнца дика хилар .......................... 46
34- Дена-нанна дика хилар ............................... 46
35- Гергарлонаш лелор ................................... 47
36, 37, 38- Дикана охӀлунна зиярат дар, цаьрца охьахийшар, уьш безар ................................... 48
39, 40- АллахӀан дуьхьа везар, салам дарджор . 51
41- АллахӀах кхерар ......................................... 53
42, 43- АллахӀан къинхетаме дог дахар, Цуьнгахь дика ойла хилар ............................................. 55
44, 45, 46- АллахӀ цхьаъ вар, Цуьнца накъост ца вар, даггара ши шахӀáдат дáладар .................... 57
47- АллахӀах кхоьруш, велхар ......................... 60
48- Дуьне дитар, цунна сутар ца хилар, магийначу некъаций бен и ца лахар ................ 61
49, 50, 51- Долчух кхачо яр (дерг тоийтар), эсалалла (хӀума еха эхь хетар), нахе ца ехар ... 62
52- Хаза гӀиллакх ............................................ 64
53- Дикалла, кӀедалла, эсалалла ...................... 65
54, 55- Хьукмангахь а, доьзалехь а нийсо еш хилар ......................................................... 66
56- Хьаша лерар .............................................. 67
57- Цомгашчуьнга хьажа вахар ....................... 67

58- Азан дечунна жоп далар а, элчанна дарж дехар а ......................................................... 68
59- Суннат а, чIогIа суннат долу ламазаш а ца дитар ........................................................... 69
60- Марха кхабар а, тара́ви́хь ламаз дар а ....... 70

www.islamanserlo.org